Адабият ва гьелъул жакъасеб къо

3

туризм

Туристал лъутила, картошка лъутиларо

Мухlамад Бисавгlалиев

Экономикаял дасаги цlикlкlун политика гъорлъ бугеб суал

Закир Мухlамадов

4

Цlалдолезул пикраби

Миллат «Миллаталда» кlалъалеб буго

5

Миллат

ДУЦА КЪУВАТАЛЪЕ РОРХУГЕ КВЕРАЛ, КУМЕКИН АХlДОЛЕБ БУГО МИСКИНЛЪИ

Р. Хlамзатов

№9 (9) 5 август 2011 сон МАГlАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА

редакторасул калам

Цlиял гурел харбал ва

бидулаб анкь

Августалъул кlиабилелда радал Буйнакск шагьаралдаса магlарухъе унеб бакlалда кьвагьана Унсоколо районалъул бетlер **МухlамадхlажиТагьировасул** автомашина. Машинаялда рукlана районалъул бетlерасда цадахъ гьев цlунулев гlолохъабиги, МухlамадхlажилВасги. Вас хвана, **МухlамадхlажиТlагьиров, Гlали Мухlамадов ва Мухlамад Гlабдулхlажиев** лъукъа-къотlарал,цlадуца къаркъалабиги рухlун Буйнакскиялъул больницаялде рачана. Нахъисеб къоялъ районалъул бетlерги, гьев цlунулел гlолохъабиги хвана. Нижехъе Унсоколоса щварал баяназда рекъон аслияб гlиллалъун рикklунеб буго рохьилазул рахъалдаса къисас, джигьадалъе гlарац кьеян.

Районалъул бетlер **МухlамадхlажиТlагьировасе** къотlичlого хlинкъаби кьолел рукlун руго джигьадалъе гlарац кьоларого. Гьадингоги республикаялда бищунго пачалихъалъул асар дагьаб ва рохьилазул кверщаликь бугеб бакlлъун рикklуна Унсоколо район. Ахирал соназда гьенир бакlалъул чиновникалги, милициялъул хlалтlухъабиги, энергетикалги, судиялги чlваялъул гlемерал лъугьа-бахъинал рукlана. Районалъул бетlер **М. Тlагьиров** цебесеб къоялъ президентас ахlараб дандеЛъиялда бугеб ахlвал-хlалги бичlчlизабун, гьениб гlадлу гьабизе тlаде цlияб къуват реххилин президентас рагlиги кьун, тlад вуссунев вукlун вуго районалде.

Унсоколо районалда чанго соналъ унеб буго пачалихъалъул хъулухъчагlазде рохьилазул рахъалдаса тlадецуй. Лъиданиги цlунизе кlолел гьечlо гьенир хlалтlухъаби флешкабаздаса ва джигьадалъе гlарац тlалаб гьабулезул къисасалдаса. Чанго соналъ цеве гьениб Буйнакскиялда аскlоб нухда бугеб «Встреча» кафеялда чlвана цевесев Унсоколо районалъул бетlер **Казимбег Ахlмадов** ва гьесда цадахъ ункъго чи. Гьев чlвайги бухьинабулеб букlана ихтияр цlуниялъул органаз рохьилазда ва гьесул хъулухъалда. Такъсир рагьизе кlвечlо. Гьел ишал цlехрехалъулаз «**ансадерил рохьилазул жамагlаталъул**» ишлъун рикlкlунеб буго. Гьебго къокъаялъул хlалтlилъун рикlкlунеб буго 22 абилеб июлалда **ЦЭПалъул (центр противодействия экстремизму) начальник Ахlмад Баталиевасде** гьабураб гьужумги. Баталиев ворчlана гуллица борлъулареб (броня) машина букlиналъ, гьесда цере хадур рукlарал МВДялъул хlалтlухъаби чlвана.

Гьеб чlвай-хъвей гlадатияб иш гlадин ана республикаялда. МВДялъул сводкабазда гуреб, гьелъул бицунел чагlиго рукlинчlо. Республикаялъул нухмалъулез щибниги гьечlеб гlадин, Москваялдаса ва Шималияб Кавказалъул регионаздаса нухмалъулелги ахlун экономикияб форум тlобитlараб нахъисеб къоялъ радал чlвана президентасул информациялъулгун-аналитикияб управлениялъул нухмалъулев **Гьарун Къурбанов** ва гьесул шофер. Рагьун, гьурмада маскабиги гьечlого рачlун чlужуялда цеве азбаралъув чlвана гьев. Цадахъ жийгоги чlваян гlодулей лъадухъ валагьун чlвадарухъан велъулев вукlанинги абула. Гьебго къоялъ чиновник чlваялда хурхун МВДялъ перехват гьабулеб мехалда, имам Шамилил къотlнор "жигули" машинаялдеги кьвагьдон чlвана лъабго гlолохъанчи. Валюта хисулеб бакlалдаса Махlачхъалаялъул цо банкалде босун унеб букlараб 20 миллион гъурущги чlваразухъа бахъун ун руго. Гьездаги рукlун гьечlо маскаби, халкъалда рихьун гlарцул мешокал машинаялда лъолел рукlун руго. МВДялъ Гьарун чlварал кквезе перехват кибгlаги гьабулеб букlарабали бичlчlулеб хlал гьечlо. Экспертизаялъул бихьизабиялда рекъон, полковник **Баталиевасул** кортежалде кьвагьдарал ва гlарацгун унел гlолохъаби чlвараб яргъил цохlого гулби рагlула. Гьаб бидулаб рахас къотlизабулеб къуват Дагъистаналда гьечlеблъи бихьулеб буго нилъеда. Аскарияздагун спецоперациязда кlолеб гьечlо, власталъ иш роцlцlине чlван къотlараб программа гьабун гьечlо, халкъ я рохьор ругезда, я къватlир ругезда божулел гьечlо ва батlа тlун чlун руго. Щибаб анкьалъ чlвалел руго кlиябго рахъалдаса Дагъистаналъул гlолохъаби, кибе гьелъ Дагъистан ахиралда бачине бугебали пал тlамулеб хутlун буго халкъ. Дагьабниги роцlцlараб пикругун, биял тlей чlезабиялъул ишалде гъорлъе лъугьарал чагlи чlваялъул хlужжабиги нилъеда рихьана. Джигьадги, хъачагъльиги, политикиял заказалги, гlарац къваригlун чlвайги, гьадинго гlиллаго гьечlого чlваялъги – къо унеб гьечlо Дагъистаналда магlугун би бакъвараб. Ахир гьелъул жеги бихьулеб гьечlо. **Цере Гlадилгерей чlагояб мехалда бицунаан гьесул вахlшилъиялъ цlикlкlунел ругин рохьоре унел, хадур кlалъалаан Мухlуда нухмалъизе лъаларого бугин кинабгоян. Жакъа хlалимав министрги вугеб, гlакъилав президентги вугеб Дагъистаналда щибаб анкьалъ жаназабазул гохlал гlолел руго.** Республикаялъул пресса МакьастlА курорталъ хlайран гьарун, гьенир хъещтlезе чангъал росизе араб къагlида, МВДялъул сводка кьей гурони, кинабгlаги критика гьечlо нухмалъулезе. Дагъистаналда кьвагьи къотlараб анкь бачlинчlо тlалъи хисаниги. Нухмалъулез зигараялъул телал кьабулел руго, халкъалъ жаназаби рукъулел руго. Цо-цо кверкьовуда данделъула.

санагlат гьечlел суалал

Жавабал щвечlеб «гара-чlвари»

Гlахьвахъ районалъул бетlер Исмагlил Мухlамадшарипов дида дандчlван вукlана тохлъукьего, Хъахlаб рокъоса къватlиве вачlунев. Дица «Миллат» газеталъе интервью кьезе кколин дуцаян абидал, гьев дица бицунеб жо бичlчlичlого дихъ валагьун хутlана. Цадахъ вукlарав цо борхатаб лага-черхалъул чи вихьизавуна гьес, гьав вугила магlарулазул полковник, гьасулгун бегьуларищан. Гьелъул магlна букlана дун живго веццун интервью гьабизе вачlанин гъосда ккараб. Дица махсара гьабуна, гьесулгунги бегьилин гьев хъулухъалдаса нахъе ине кколин 29 абилеб къоялъ майданалда къватlире рахъине хlадурун халкъ батаниян *(гьелъул хlакъалъулъ цlале 2-аб гьумералда).* **Гьеб мехалда бичlчlана Исмагlилида интервью щиб гlиллаялъ босулеб бугебали. Дица гьесухъа телефоналъул номерги босана, редакциялъул принцип цlунун кlиябго пикруялъе бакl кьелин рагlиги кьун, дандчlвазе къотlи гьабуна. Гьелдаса нахъе чанго нухалъ кlалъана И.Мухlамадшарипов дунгун, щаялиго ахирал, заман цlарал къоязда тlагlана. Щиб лъалеб ракьул суалалда тlаса данде чlараб рахъалъ кьураб информациялъул анализги гьабун, гара-чlвариялде вачlине ресги буго. Нужер гьесие кьезе суалал ратани, ритlе нижер адресалде яги телефоналъул номералде.**

РЕДАКТОР.

– Исмагlил, ахиралда нижехъе бачlараб баяналда рекъон Дагъистаналъул бакlалъул нухмалъиялъул управлениялъул, начальник Артур Исрапиловас нахъе бахъун рагlула кlаратlисезул ракьуда хурхун гьабураб постановление. Щиб абилеб дуца гьелда хурхун?

– .....
.....
.....

– Цо-цоязул пикруялда рекъон, гьеб ракьул суалалда нахъа рагlула гlахьвалазул политикияб элитаялъул дандеккунгутlи. Депутат М. Муслимов, мун, вице-премьер Ризван Гъазимухlамадов, бизнесмен Гlумар МуртазагlАлиев ...

– .....
.....
.....

– Гlага-шагарго гьадинал суалаздасан байбихьилаан гара-чlвари. Щаялиго Исмагlилица хlухьел ккуна. Нагагь жавабал кьезе бокьани биччанте ахlизе нижехъе.

– .....
.....
.....

ракьазул суал

◆ Зульфия ХIАЖИЕВА

ГIахьвалазул бетIерги, кIаралазул ракьги. Киб бугеб ритIухълъи?

29 июлалда Дагъистаналъул хIукуматалъул вакилзабазги гьарун нахъбахъана КIаратIа росулъ тIобитIизехъин букIараб митинг. Гьез гьоркьоб лъезе кколаан росдада дандги бачIого райадминистрациялъ жиндир кверщаликье бачараб кIаратIисезул ракьул суал. Документазда рекъон, гьелъул къадар 309 гектар буго, гIадамаз бицухъе – 600 га буго. Жидеца кватIичIого тIубалин гьеб суал, бегьулеблъун батани, къватIире рахъунгеян абун буго гьезда хIукуматалъул вакилзабазги МахIачхъалаялда чIарал рес бугел кIаратIисезги.

М. АхIмаднабиев: "Ниж чIаго рукIаго гьеб ракьул цо метр кьеларо чияе ..."

Гьединанго гьарун нахъбахъун букIана 24 июлалда гьабизехъин букIараб митингги. Щайгурелъул, исана 22 июналда ракьулгун мал-мулкалъул суалазул министерствоялда тIобитIараб данделъиялдаса хадуб ГIахьвахъ районалъул нухмалъулев ИсмагIил МухIамадшариповас инкар гьабизе кколаан жинца гьабураб хIукмуялдаса. Чара хварал кIаратIисез гьелдаса хадуб байбихьана РФялъул хIукуматалъул председатель В. Путинихъе щвезегIан хъвадаризе. **«Нижеда дандги бачIого районалъул нухмалъулев ИсмагIил МухIамадшариповас нижер умумузул ЗонокIкIал абулеб бакIалда бугеб ракьул 309 гектар ГIахьвахъ районалъул бетIергьанлъиялде кьун буго. 20I0 соналъул 28 декабралда гьабураб гьеб хIукму районалъул «Замана» газеталда бахъана гIицIго 2011 соналъул 20 маялда. Гьеб суал тIубазе жидеца тIаде босулилан кIиявго вице-премьер М. ШихсагIидовасги Р. ГъазимухIамадовасги кьураб рагIудаги божун, ниж 24 июналда митингалдеги рахъинчIого чIана. Районалъул нухмалъулесин абуни киналго махсародеги ккун, жиндирго хIукму букIахъего тана. Гьесда тIасан ДРялъул хIукуматалде гIицIго цохIо кагъатги битIун Ракьулгун мал-мулкалъул суалазул министерствоги чIана. Амма районалъул нухмалъулесе тIири ургъел гьечIо хIукуматалъул вакилзабазул хIукмабазул. Гьеб суалги тIубачIого сентябралъул бакьулъе щвезегIан хIалхьи гьабизе ун вуго гьев. Гьев гьечIого администрациялда лъицаниги гьебги тIубаларо»,** - ян хъвалеб буго кIаратIисез Путинихъе.

Гьелъул хIасилищали лъаларо, чанго къоялъ цебе цIакъ кIвар кьун гьеб суалалъул хал гьабизе лъугьана ГIахьвахъ районалъул прокуратура. КIаратIисезул ракь законалда данде кколареб куцалда райадминистрациялъул кверщаликье кьеялъул суалги бачIинахъего гьебго прокуратураялъ тIатинабун буго.

«Нижер ракьалда сверухъ гьарулел хIаязул магIна щибин гьикъидал, щибниги гурин, гьел нужехъго тезе ругин абулеб буго И. МухIамадшариповас. Амма дагьалъ цебе росулъ тIобитIараб мажлисалда гьес бицана ракь ччукIунеб букIиналъ МестIерухъаги Лологьонилъаги гIадамал рахъинаризе ругила гьенире минабиги ран. Нижедаги гьикъичIого гьединаб хIукму гьаби закон хвезаби кколин, ООНалъул документазда гьединаб жо апартеидилан бихьизабун бугилан абуна нижеца гьесда. Амма бетIергьабаз хIалал гьабичIеб бакIалде гIахьвалалги местIерухъелги рачIинаро, бичIчIи бугел гIадамал гIезегIан руго гьезда гъорлъ. Нижер хIисабалда, политика буго гьелда гъорлъ. ТIасиял рищиязда цебе гIахьвалазда жиндирго багьадурлъи бихьизабулев чи вуго ИсмагIил. Гьалейин ункънусго соналъ цебего нужеца бер лъун букIараб ракь бигьаго нужее сайгъат гьабулеб бугин жинцаян абизе. ГIахьвалал ккола микьабилеб гIасруялда хундерил Илълъа росулъа рачIарал чагIи. Хазаразул ханзабазулги Суракъат-ханасулги зулмуги хIехьезе кIвечIого, жал нужер ракьалде риччаян гьарун рачIун рукIун руго гьел. Гьедин гьабураб лъикIлъи квешлъиялде сверизабизехъин бугоха гьанже рахъун. Гьеб ракь къваригIун ункънусго соналъ цебе хундерилги гъазигъумекдерилги ханзабазул аскаразда данде рагъулаго гIахьвалазулги, гъазигъумекдерилги, гьидерилги тIиндисезулги гIезегIан чияс би тIуна гьеб бакIалда. Цинги Дагъистаналдасаго гIалимзабиги данделъун гьеб дагIбаялъе ахирги лъуна. Гьанжейин абуни цIи гьабизехъин буго добго дагIба. ГIадамазда гьоркьор харбал руго гьеб ракь ИсмагIил МухIамадшариповасегоо гIадин гIезегIан чванта биццатал гIадамазе къваригIун бугиланги. БитIараб-гьереси лъаларо, анлъгониги гамаги, ресторанал-ги, цогидабги жиндир бизнес Россиялда бугев ГIахьвахъ районалдаса ГIумар МуртазагIалиев абурав чиясе къваригIун рагIулила доба кутакаб спорткомплекс базе. Нилъер спорталъул министр Арсен МуртазагIалиевасул гьудул вугин абула гьев. Амма лъица лъилгун къотIи гьабун батаниги щибха, ниж чIаго рукIаго гьеб ракьул цо метр чияе кьезе ракIалда гьечIо нижеда», - гьедин бицана «Миллаталъе» КIаратIаса МухIамад АхIмаднабиевас.

Амма цо чанго чиясул гурони, тIолалго кIаралазул щибгIаги тIадкIалъай гьечIин гьеб хIукмуялдаян рикIкIунеб буго ГIахьвахъ районалъул нухмалъулев ИсмагIил МухIамадшариповас. Щиб гьабуниги, жинца гьабураб жо сурун бихьизабизе къваригIун бугила гьезие.

дандечIей

◆ Закир МУХIАМАДОВ

БетIерги бутIрулги – терроризмалда данде

Унсоколо, ЦIумада, ЦIунтIа, Хасавюрт, Гъизляр, Гъизилюрт, МухIарамкент, Сергохъала, Гъарабудагъкент мухъазул нухмалъулелги ахIун гьал къоязда Дагъистаналъул президентас хасаб данделъи тIобитIана МахIачхъалаялда. Жинца хас гьабун нуж гIадада гурин гьанире ахIарал, нужеца нухмалъи гьабулел бакIазда экстремисталги гьезие кумек гьабулел чагIиги гIемерлъун рукIиналъин абуна президентас гьезда. Ярагъги гIодоб лъун ракълиде рачIаян рохьор рахчарал гIолилазде жидеца балеб ахIи мекъи бичIчIулеб бугила цо-цоязда. Жал гьел гIадамазукьа хIинкъун ругиланги кколеб бугила гьезда. Гьединлъидал нужеца нухмалъи гьабулел бакIазда гIадамазда бицун бичIчIизабейила иш кин бугебали. Гьедин гьарана МухIамадсалам МухIамадовас муниципалиял бутIрузда.

Гъизляр мухъалъул жанисел ишазул идараялъул нухмалъулев ГIисалмухIамадов Гъазица «Миллаталъе» бицана гьабсагIаталда жидер мухъалда ахIвал-хIал дагьалъго гIодобиччан бугилан:

! Гьединлъидал щиб гьабилебали лъаларого рихха-хочун руго гьел гьабсагIаталда, рокъоре рачIани, жанир лъелин хIинкъунги ратиларищха. Нахъе рачIайин гьезул эбел-инсудасан ахIи баниги, жеги божуларого руго гьел. Гьезул улбулги гIагарлъиги гIемер рачIуна нижехъе ракълилаб гIумруялде руссинаризе къваригIун бугилан нижеде ургъел бикьизе, ниж хIадур руго гьезие кумек гьабизе. Амма жидерго гIагарлъиялъухъги гIенеккулел гьечIо…

— Будун-дибирзаби чIван цо заманалда бетIер эхеде борхизе толеб хIал букIинчIо. Ахираб заманалда цо-цо росабалъ тIоритIарал хасал операцияздаса хадуб дагьа-макъабго парахалъи лъугьун буго. ГIагашагарго 25 чи вуго гьанжегIагар гъове рохьове ун чIун. Амма гьезул нухмалъулел тIагIинаруна нижеца. Гьединлъидал щиб гьабилебали лъаларого рихха-хочун руго гьел гьабсагIаталда, рокъоре рачIани, жанир лъелин хIинкъунги ратиларищха. Нахъе рачIайин гьезул эбел-инсудасан ахIи баниги, жеги божуларого руго гьел. Гьезул улбулги гIагарлъиги гIемер рачIуна нижехъе ракълилаб гIумруялде руссинаризе къваригIун бугилан нижеде ургъел бикьизе, ниж хIадур руго гьезие кумек гьабизе. Амма жидерго гIагарлъиялъухъги гIенеккулел гьечIелъул гьел, нижеца щиб гьабилеб?

ЦIумада районалдаса бизнесчи Халилулаев ХIусеница рикIкIунеб буго районалда аскариял цIикIинари рекIее гIезе гьечIин гIадамазе:

— 1999 соналдаги рихьун рукIун ратила гьезда гьел. ГьабсагIаталда гьезда цо кIудияб божилъи бугин кколаро халкъалъул. Дир хIисабалда, шагьаразда дагьабищ кколеб бугеб кьвагьа-гIанхъиги чIвай-хъвейги? Гьединлъидал гьенир течIого, магIарухъе щай гьел аскариял ритIизе кколел? Цо чанго чиясе гIоло тIубараб аскар рехулеб буго гьенибе. Кколеб букIарабани гьеб рагъги гьаб анцIго соналда жаниб ккелаан.

2011 сон байбихьаралдаса гьанжелъагIан республикаялда изну гьечIого яргъид гIуцIаразул 73 чи чIванин лъазабулеб буго Дагъистаналъул полициялъ. Араб моцIрол ахиралда Дагъистаналда щвана РФялъул МВДялъул министр НургIалиев Рашид. Дагъистаналъул полициялъул хIалтIи лъикIлъун бугилан абуна гьес.

РакIалде щвезабилин, терроралде данде къеркьезелъун Дагъистаналда гIуцIана 7 азарго рагъухъан гъорлъ вугеб аскар. Гьелда гъорлъе ана жанисел ишазул батIи-батIиял идарабазул хIалтIухъаби. Гьелъие нухмалъи лъица гьабизе бугебали жеги мухIканго лъалеб гьечIо.



МухIамад
АхIмадов

Адабият ва гьелъул жакъасеб къо

(пикрабазул дарсал)

Нилъеца арал заманабазул, къанщарал къарнабазул, тараб тарихалъул пикру гьабула сабурго, гIодоре риччан, гьезул кIодолъиги гьитIинлъиги бичIчIун, борхалъиги гIоблъиги лъан,бахIарчилъиги хIалихьалъиги батIа гьабун, ритIухълъиги мекълъиги рекъезе течIого.

Гъазимухламадил ва Шамилил цIар бахъарабго цIабуцIуна черх, АхIулгохI рухIалъулги яхIалъулги гохIлъун лъугьуна, ГIандалазул расалъуда умумузул кIодолъиялъ даимаб цIумур кьабула. Амма нилъго жанир ругеб заманаялда, жакъасеб къоялда абизе рагIи гьечIого, гьабизе гьунар гьечIого, батизе бакI гьечIого хутIула. Нилъеда лъаларо нилъеда хадур рачIунез нилъер гIумруялъулги ишазулги хIакъалъулъ щиб абизе бугебали. Гьеб лъала цохIо шагIирасда.

Халкъиял асарал рукIана киналго адабияталъул жанрал цолъарал, цо магIарул халкъалъул гурелги,тIолабго Дагъистаналъул къисматалъул къисабилъун.

Дир гьудул, аваразул шагIир МухIамад ХIамзаевас бицана: «Нилъее жиндир баракат щваяв, Бакълъухъа кIудияс цо пуланав чиясул рахъалъ абун буго:

«Щиб гьабилеб, живго те, цохIо ганчIил гьабураб си гIадав чи вуго гьев», - ян. ЦохIо ганчIил гьабураб си гIадал шагIирзаби гIемерлъун руго жакъа. Жакъасеб къоялъул къваридаб хIакъикъат гьунаралъул тушманлъун лъугьун буго. ГIорхъи гьечIеб нахъегIанаб эркенлъи гьунаралъецин, гьунар гьечIезул бицинего бицинарин, жужахIлъун лъугьине бегьула. Бокьа-бокьараб гьабизе, гIакIа гьечIеб кIал чвархъезабизе, гьодораб ракI кIанцIезабизе, жахIдаялъул гажал жиризаризе кьураб эркенлъиялъ лъикIалде рачунаро. Аллагьас гьунар кьурав рагIул устарасе гIакъилаб эркенлъиялдеги эркенаб гIакъиллъиялдеги бахараб талихI гьечIо. ГIищкъуялда, щавкъалда хъвараб кочIоца кидаго талихI кьола. Гьелъ,

! Жакъа поэзиялда, адабияталда цIакъ гIемерлъун руго «нилъер росулъа гурел васалги ясалги». Чияр росулъа ругониги къабул гьаризе бегьилаан гьел, гьунар бугебани, цIар бугебани, гIамал бугебани. Лъаларе бицунезги, бицунеб лъаларезги хвезабулеб буго адабият.

Халкъияб кочIол кьодухъ дандчIвана Инхоса ГIалихIажиясул гIакълудул ралъадги, ЧIанкIал цIвабигун къацандулеб рокьул магIуги, МахIмудил бухIулеб рекIел панаяб хIухьелги, ЦIадаса ХIамзатил хIеренаб гьаракьалъ хIажат гьечIебщинаб щущазабизе кьолел гIумруялъул дарсалги. Гьеб кинабгоги цолъизабун поэзиялъул цо кIудияб пачалихъ гIуцIана, гIорхъаби гIатIид гьарун, гIасруги сариналъе бачун, гIакълуги, гIищкъуги, къадруги, къарнуги рекъезабуна Расул ХIамзатовас.

Киналго гьунар гьечIел шагIирзаби цоцада релълъарал рукIуна, гьунар тIокIал, кIудиял шагIирзабийин абуни, цоцада релълъинчIел, цоцаца хисуларел, такрарлъи гьечIел рукIуна. Лъиданиги кIоларо ГIалихIажил, МахIмудил, ХIамзатил ва ХIамзатил Расулил балъголъи тIубан рагьизе, амма гьезул заманалда рукIарал шагIирзабазул бицуна гьезул бицунеб мехалъ, миккил гъутIбузул рагIдукь рижарал гIиссинал гъутIбузул гIадин. КIудиял шагIирзабазул рагIулъ балъголъи буго, гьитIиназул гьеб гьечIо.

Цо-цо шагIирзаби, хъвадарухъаби кигIан гьез хIаракат бахъаниги, адабияталъе рокьуларо. Рахьдал мацIалъ гьел, мацIихъаби гIадин, жиндирго рокьоса къватIире къотIула ва къватIул гьаби гIадин гIадада хIапдолел хутIула. Дида гIемер лъала шагIирзаби, хIеличIого чIезе кIоларел. ХIелизе чагIи, хасго бечедал чагIи, хIакимзаби гьез хадур лъугьун рагьула. КIудиял рукIа, гьитIинал рукIа, щибго батIалъи гьечIого, бечедазе хIелизе щун хадусала гьезул гьурмадаса гьетIараб гьими тIагIунаро, рес бугезда цере къуларал гьезул бутIрузул расгицин хIалихьалъиялъулги хIелхIелчилъиялъулги релъаца белъун бугилан ккола. Гьединлъидал дагьлъулел руго аваразул адабияталъул аслулъун рукIарал аслиял гIаламатал: гIаданлъи, гIадатлъи, лъикIлъи, намус – яхIалъул ахIи, рокьул бухIи, рухIияб къуват, рагIул къадру, къалмил бацIцIалъи, цIилъи, бахIарчилъи, чилъи. Михир бачунеб буго цIияб гIелалъ магIарул мацIалда тIад.

Цо нухалъ Расул ХIамзатов, Дагъистаналъул хъвадарухъабазул съездалда кIалъалаго, адабияталъул классиказул цIарал рехсолелъул цо лахIзаталъ лъалхъана, МахIмуд, Батырай, Ирчи Казакиланги абун. Залалда гIодор чIаразул цояс, Расулил хIал бихьизе гIадин, махсароде «ГIабдулаев» абун ахIана. (Алексей ГIабдулаев).

- Гьев нилъер росулъа вас гуро,- ян жавабги кьун, Расулица рехсолел рукIана цIарал, Етим Эмин, Сулейман Стальский, ЦIадаса ХIамзат, Эффенди Капиев, АбутIалиб Гъафуров абун лъугIизабуна.

Жакъа поэзиялда, адабияталда цIакъ гIемерлъун руго «нилъер росулъа гурел васалги ясалги». Чияр росулъа ругониги къабул гьаризе бегьилаан гьел, гьунар бугебани,цIар бугебани,гIамал бугебани. Лъаларе бицунезги, бицунеб лъаларезги хвезабулеб буго адабият.

МухIамад
БисавгIалиев

Адабият ва адаб тарал хъвай–хъвагIаял

Аваразул шагIир МухIамад АхIмадовас «Миллат» газеталъе бицунеб буго миллияб адабияталъул къисматалъулги, тарихалъулги гьелда цере ругел масъалабазулги хIакъалъулъ. Гьаб хъвай-хъвагIаялдаса бихьулеб буго, цIарал рехсочIониги, поэтасе хIалхьи толареб ахIвалхIал литератураялда лъугьун букIин. Гьесул шигIрабазде батIи-батIияб букIуна бербалагьи цIалдолезул. Гьелдасаги цIикIкIун ахирал соназда камичIо М. АхIмадовасул хъулухъалда сверухъ гIарзалги, дагIбаялги, хитIабалги республикаялъул прессаялда. Дун лъугьинаро гьелъие къимат кьезе, гIадаталъулги, намусалъулги, законалъулги гIорхъабаздаса къватIибе бахунеб гьечIони, бокьараб пикруялъе букIине ккола ихтияр. Дица гьесул шигIраби цIалула, цо-цоял рокьула, цогидал къабул гьаруларо. Амма гьесул хъулухъалъул рахъалъ абуни, дир буго лъиданиги хисизабизе кIолареб пикру. Жакъа Хъвадарухъабазул Союзалъе нухмалъиялъе гьесдаса мустахIикъав чи вихьулев гьечIо. ТIоцебесеб иргаялда, М. АхIмадов вуго гъваридго литература ва творчество бичIчIулев чи, кIиабизе – бокьараб даражаялда кодоб кагъат гьечIого республикаялдаги, гьеб бахун къватIивги кIалъазе лъала гьесда. Гьебги цIакъ кIвар бугеб рахъ ккола нилъер миллаталъеги республикаялъеги. Ратила гьесулги гIунгутIаби, дунги вокьуларо гьесие, цониги кечIцин хъваларев. Амма дун киданиги ургъел чучизе нилъер миллатго рихарал ва гьеб какулел чагIазухъе инароан. М. АхIмадовас

! Дун лъугьинаро гьелъие къимат кьезе, гIадаталъулги, намусалъулги, законалъулги гIорхъабаздаса къватIибе бахунеб гьечIони бокьараб пикруялъе букIине ккола ихтияр. Дица гьесул шигIраби цIалула, цо-цоял рокьула, цогидал къабул гьаруларо. Амма гьесул хъулухъалъул рахъалъ абуни, дир буго лъиданиги хисизабизе кIолареб пикру.

нуж поэталлъун рикIкIунел гьечIо, нужеца гьев председатель гурилан чIезабулеб буго. Нужер кIиялго ритIун ратизеги рес буго гьел пикрабалъ. Хъвадарухъабазул Союзалда цIогьги коррупцияги бугин абураб жо цIалидал, гьел жал газеталда хъваразда гурхIизе бачIана. Дун Р. ХIамзатовгун хIалтIулел соназда гъоба кьолеб харжида нахъа гъулбасизе нечолаан. Жакъа батIаго щиб цIикIкIинеб гъоба. Бокьилаан гIисинал пикрабиги цоцадехун жахIдаги тун аваразул шагIирзаби поэзиялде тIадруссине. ТIаса лъугьине бегьулареб жо нужеда гьоркьоб батизе ресго гьечIо. ШигIрабаздалъун бихьизабе цоцада цебе бугеб тIокIлъи. Нилъер жанисел масъалабигун лезгиязул «Настоящее время» ва аварал хъахIилаб цIа рекIун рухIаниги, хIал буссунарев Б.Узунаевасухъе хьвадуге пресс-конференциял тIоритIизе. Гьеб жо ккола миллатго инжит гьаби, хъвай авар газетазде – «Миллаталде» яги «ХIакъикъаталде». Бокьараб пикруялъе бакIги кьела, гIаммал пикрабазде рачIун дагIбаялде нуцIаги къала. Марина Колюбакиналъ Расул ХIамзатов хIинкъизавунин абурал гIадал ахIмакъал жалги хъваге гIурус мацIалда чияр газетазда. Гьев нужер даражаялде вачинчIониги бегьила. Нужер щивасул пикруялъе бакI кьела газеталда, гьелдасаги беццараб букIина гIисинал пикрабаздасаги тIокIкIун, шигIрабазде рачIани.

◆ Закир МУХIАМАДОВ

Экономикаялдасаги цIикIкIун политика гъорлъ бугеб суал

Россиялъул финансазул министерствоялъ инкар гьабуна Шималияб Кавказ цебетIезабизе 4 трлн гъурущ биччазе.
Цебеккун Россиялъул хIукуматалъ хIукму гьабун букIана 2025 соналде щвезегIан Шималияб Кавказ цебетIезабизе гьедигIанасеб гIарац биччазе. Ахир-къадги гьелъие хIукму гьал къоязда Россиялъул парламенталъ къотIизе буго.

Экономика цебетIезабиялъулги финансазулги министерствабазул экспертал гьеб рахъалъ жеги цо пикруялде рачIун гьечIо. Финансазул министерствоялъ рикIкIунеб буго гьеб 4 трлн гъурущ биччаялъ кIудияб кIудияб масъала бижизабизе бегьулин. ТIоцебесеб иргаялда хъата-масан цIикIкIинин Россиялъул бюджеталъул дефицит, кIиабилеб иргаялда, цIикIкIинин пачалихъалда ракIарулел магъалабазул къадарги.

Гьединго финансазул министерствоялъул хIалтIухъабаз лъазабулеб буго Шималияб Кавказалда институционалиял хиса-басиял гьариялъе гьеб 4 трлн гъурщидасан цониги кепек бихьизабун гьечIин. Гьел хиса-басиял гьаричIони, Шималияб Кавказ жегиги жакъаго бугеб хIалалда хутIизехъин буго.

ТIадежоялъе, Шималияб Кавказ цебетIезабиялъе гIуцIараб хасаб программаялда бихьизабураб гIарац анцIго нухалъ цIикIкIараб буго федералиял цогидал программабазда бихьизабуралдаса.

Шималияб Кавказалъе 4 трлн гъурущ биччай-биччангутIи гьал къоязда лъала. Экспертаз рикIкIуна пачалихъиял идарабаздаги министерствоялдаги бараб жо гьечIин гьелъулъ, щайгурелъул гьеб кколин политикияб суал, гьелъие ахирисеб хIукму хIукуматалъ къотIулин.

«Альфа-банкалъул» экономист Орлова Наталияца рикIкIунеб буго Шималияб Кавказ цебетIезабиялъе гIарац биччаялъ бюджеталъеги магъалоялъеги киналгIаги квекIенал гьариларин. Щайгурелъул, Россиялъул жанисебги къватIисебги къарз гьедигIан кIудияб гьечIо, нартил багьаги цIикIкIунеб буго. Нартил багьа цо долларалъ цIикIкIани, гьелдаса Россиялъул бюджеталъе 50 млрд гъурущ щола.

Шималияб Кавказ цебетIезабиялъе гIарац биччай ккола Россиялъул аслияб миллияб проект. Армиялъул реформаялъе ва сахлъи цIуниялъе биччалелдасаги цIикIкIараб буго гьелъие биччалеб гIарац. Гьединлъидал Москваялдаги, Петербургалдаги, гIурусал гIемерал Россиялъул цогидал шагьараздаги Кавказалдехун рокьукълъиги баккулеб буго.

Мех-мехалдасан Москваялда тIоритIула кавказиязда дандечIарал митингал. ГIадамал къватIире рахъуна «ГIела Кавказ кваназабураб!» абун тIад хъварал плакаталгун.

Шималияб Кавказалъе федералияб гуребги, инвесторазулги кумек къваригIунилан рикIкIунеб буго Дагъистаналъул экономикалъул министрасул заместитель ГIабдурахIманов ГIабдурахIманица.

Араб анкьалъ Дагъистаналда тIоцебе тIобитIана экономикалъул форум. Гьелда гьарурал киналго къотIикъотIиязда рекъон, Дагъистаналъе 190 млрд гъурущ щвезе рес буго. Гьениб Дагъистаналъ бихьизабуна 70 проект. Гьезде инвестораз кIвар кьезе букIиналде хьул загьир гьабуна Дагъистаналъул нухмалъулев МухIамадов МухIамадсаламица.

Шималияб Кавказалъул экономика цебетIезабиялъулъ аслияб тIадчIей туризмалда гьабизе кколин бицунеб буго. Гьелъие гIоло гIуцIана «Шималияб Кавказалъул курортал» абураб пачалихъияб корпорацияги.

Гьедин Карачаево-Черкесиялда, Кабардино-Балкариялда, Шималияб Осетиялда, Дагъистаналда, Краснодар мухъалда ва Адыгеялда курортал раялъе бихьизабун буго 450 млрд-са цIикIкIун гъурущ.

Гьединго Дагъистаналда пляжниияб туризм ва футбол цебетIезабиялъе миллиардер Керимов Сулейманица биччазе буго 40 млрд гъурущ.

«Сулейман Керимов ккола Россиялъул миллиардер, кин гьес гьеб гIарац гьабурабали мухIканго чIезабизе кIоларо. Россиялда киналго миллиардерал пачалихъалъул сияхIалда руго. Пачалихъалъ Кавказалда туризмалъул кластерал гIуцIизе ругилан абидал, Керимовги гIедегIана туризмалъул бицине. Амма гьес абурал рагIаби жакъа гIицIго рагIабилъун хутIулел руго. Балагьила кин гьес гьенибе гIарац биччазе бугеб ва киб гьелъул лъалкI тIагIине бугебали», - гьедин бицана «Северный Кавказ» газеталъул хасав мухбир Мартагов Русланица «Эркенлъи» радиоялъул гIурус-редакциялъе.

Жакъа къоялъ Шималияб Кавказалда хIухьбахъизе рачIунел туристазул къадар ункъазариде бахуна. Анкьго-анцIго соналдасан гьеб къадар 5 млн чияде бахинин абураб хьул буго хIукуматалъул.

◆ МухIамад БИСАВГIАЛИЕВ

Туристал лъутила, картошка лъутиларо

2025 абилеб соналде щвезегIан Шималияб Кавказ цебетIезабиялъул программаялда Россиялъул хIукуматалъ ва инвестораз харж гьабизе бугеб гIарцул къадар бахине рагIула 4 триллион гъурущалде.

Гьелдаса триллионгун кIинусго миллиард биччалеб рагIула Дагъистаналъе. Нилъер гьаниб гIемерисезда гьединал тарихал рукIунеллъицин лъалеб батиларо. Триллион гъурущ абураб жо кин цебе тIамизе бегьулеб?

Миллиардал магIарулазда лъала, жидехъе щун гуроха, лъала миллиард гъурущ абураб гIарац букIунеблъи. Масала, гендерил туннель гьабулаго анцIго миллиардалде гIагарараб гIарац ун бугин рагIун, гьениб гьабураб хIалтIухъ балагьун кколеб буго гьеб миллиард гьадингосеб тарихин. Гьанже бицунеб буго курортал гьаризе риччалел триллионазул.

МагIарулазда лъалареб жо гьениб кIиго буго: тIоцебесеб – триллион абураб тарихалда кигIан гIарац букIунебали лъаларо гIадамазда, кIиабилеб – гьеб курорт щиб жояли лъаларо. Гьеб кIиябго кутакалда лъикI лъала хIакимзабазда, триллион гъурущ лъала жидерго гIарцуда данде ккун, курорт – бикъараб гIарцухъ къватIир улкабазде тира – сверизе аразда бихьун. Россиялъ Шималияб Кавказалда ва Дагъистаналда харж гьабизе бугеб гIарцул кинаб мурад букIине кколеб? Гьаниб гIумру лъикIлъи, гIадамазе хIалтIизе бакIал рагьи, социалияб ва экономикияб рахъалъ республика цебетIей. Курортал гьариялъе ва туристал рачIиналъе бищун цебе хIажат бугеб жо буго гIодобе биччараб, хIинкъи гьечIеб ва парахатаб ахIвалхIал гьаби. Чан триллионалъул курорт нилъеца рагьаниги, гьеб рагьараб къоялъ гьениса нусго километралъул манзилалда цо кьвагьи бахъани, гьаниве турист вачIунаро. Ругелги лъутила, тIубараб Россиялда ва къватIиб рагIараб ахIихIурги букIина. Щибха гьабизе кколеб? Гьел триллионал кьвагьи бахъани лъутун унарел отраслязда лъезе ккола. Нухал гьаре магIарухъе, ГЭСал рай, росдал магIишаталда ва цере тIурал технологиязда харж гьабе. Жакъа дагъистанияз гастрономаздаса босулеб буго Краснодаралъул порошокалдаса гьабураб рахьги, айранги, Голландиялъул нахги. Цо шиша ридиялъул бичулеб буго тукада 25 гъурущалде, Бабаюрталъул гъутаналда литр рахьдал буго 5 гъурущалде. Гьеб буго рахьдал переработка гьечIолъиялъул ва базаралда монополия букIиналъул гIаламат. Щай гьабизе бегьулареб гьеб гIарцуца Россиялъул ва къватIиб улкабазул товаралъе конкуренция гьабулеб продукция? Гьебго ахIвал-хIал буго киналго кванил нигIматазул, ай тIадагьаб промышленносталъул кинабго товаралда хурхун. Цойги цIакъ кIвар бугеб рахъ буго гьениб Дагъистаналъул халкъалъул менталитет, гIадат, гIамал. Абулеб буго туризмалъе курортал разе ва ран хадур хIалтIизе, сервисалда аслияб къагIидаялда дагъистаниял гъорлъе рачине кколин. Дида цеве тIамизе кIола дагъистанияв боцIи хьихьулев, нух гьабулев, бакIал ралев, производствоялда ва бокьараб цогидаб хIалтIуда. Кин цеве тIамизе кIолев каранда карточкаги бан, Хунзахъе рачIарал туристазе жиндир отелалъул тIокIлъаби рехсон, гьенире рачIаян гьардолев магIарул бихьинчи. Кутакалда лъикI лъугьинаан Хунзахъ магIарулазул бакIалда азербайджанал ругони. Москваялда ругездани ратIа рахъизе лъалел ратиларо аваралгун азербайджанал, нилъеразда щай гьеб лъалареб? Гьеб туризм Дагъистаналда гьабизе лъугьин ГIакаро магIарда бананал гIезаризе къасд тIамиялда релълъун бихьула. **Туризм гьабизе ккани терроризм лъугIизабизе ккола, гьеб лъугIаниги чамалиго анцIанцI сон хIажалъула гьеб лъугIун букIин информационнияб рахъалъ Россиялда ва къватIир улкабазда бичIчIизабизе.** Кинабго хIалтIи лъугIарабго Москваялдаса МакьастIе къачIарав туристасда Кочубеялда кьвагьи бахъанин телевизоралдаса бихьани, гьев уна батIиял улкабазде. Триллионалги гIадада ракьулъ рукъараб хIисаб букIина. Къокъ гьабун абуни, гIарац харж гьабизе кколаан терроризмалда рачIел, дагъистаналъул халкъалъе хасиятал ва гьезда лъикI лъалел отраслязда. Кьвагьи бахъани, туристал лъутула ва курортал чIорого хутIила, ракьулъ букъараб картошка кибениги лъутиларо.

№9 (9) 5 август 2011 сон

Миллат «Миллаталда» кIалъалеб буго

ХIабщиниселде Хунзахъа салам

Нижер редколлегиялъ гьал бахIсазде нуцIа къанин хадурагIи хъван букIана. Балагьараб мехалда нуцIа къан лъугIулеб хIал букIун гьечIо шагIирзабазул. Нуца къаниги, гордухъан бачIанин абизе бегьула гъоркьехун бахъулеб хъвай-хъвагIай. Цо-цо шигIрияб рахъалъ тIубачIелги, авторас хитIабалъулъ зани бегизабурал бакIалги хIукму ккана нахъе рахъизе. ГIаммаб къагIидаялъ босани, гIезегIан пасихIаб кечI буго, кигIан Майсаратие рагIизе кьогIаб бугониги. Жийго авторалъ хундерил шагIиразе лъураб диагнозги батIаго гьез баркиялъул рагIи гIадин къабул гьабун букIун батиларо. Абула унго-унгояб поэзия бижизе ккани хIажалъулин я хIасратаб рокьи, я боркьараб ццин. КIиабилелъ шигIраби рижизаруна, гьанже гьелде нуцIаги къан, шагIирзаби ахIулел руго рокьул кучIдузде.

РЕДАКТОР

Щибизе дуй жахIта, жаниса гьодор,
Гьаб Дагъистаналъул тIад ракI релъизе.
ТIалда гъоркь чIинтIулеб борохь киниги,
Хьирун рекъоларо къиматай шагIир.

Бисмилаги бахъун квенго кунадай
Капураб махI бугин ХIабщиниселъул,
Какие нодого хIунчун толебдай
ЖахIтаялъул мацIалъ цIун бугин къали

ЖужахI жахIтаялда анибго лъала,
Аниса ун хадуб гъобаги хIакъаб.
Картошкадул хуриб хвах гьечIел гIухьби,
Хундерил цIвабигун цIазе кин кIварал?

Гьезул поэтаца дур кочIол гъамас
Бикъунги букIинчIин рачIалдаги чIун,
Дур кочIол цо мухъалъ асир гьавурав
Инсан вищаниги рощнолъги гьечIин.

Къиматал тIахьаца, къуватаб кечIалъ,
Къадру борхалъарал руцIцIун рукIуна.
ГIумру берцинлъизе вижула шагIир,
ГIузрудул къвачIихъан чIаголъи щолищ?

Поэтал ратила Хунзахъ тIалъуда
Халкъалъе рокьулел, халкъги бокьулел,
Хурир-ахакь ясаз кучIдул ахIулел,
Космосазде тIахьал цадахъ росулел.

Гьев цо ЧIарадаса цIулал поэтгун,
ЦIанада чIанани лъикI букIина дуй.
Цойги цIияв гьудул щун ватичIони,
МоцIо квараги цIан цIияб кечI хъвазе.

Гьев ралъдал пиратас кумек гьабуни,
Куплетал магIнаял лъугьинаан дур.
ЛъикI мунго йихьизе жилд гьабулелъул
Жанисан ургьимес бахъун тIадги чIван.

Расулил цIаралтIе цIцIирулейищ мун,
ЦIунцIрадул гохIалтIа хIунчараб хоно,
Къоабилеб гIасру сагьвил гьавурав,
ТIолго камилазухъ килас босарав.

ГIабасовги вуго Расулидаса
Расги къурав гьечIев къуватав поэт,
Эсул кочIол магIна гъварилъиялда
Гъул басине лъани, гIун бугоан дуй.

ЧIанкIа, ХIамзат, Загьид, ГIабасов, Фазу,
Хунзахъа ратиялъ турунищ йигей?
Тупил хIараялъуй лъун кьвагьаниги,
Мунагь букIинаро магъущил щанкIлил.

Киданиги тIутIалъ гьоцIо кьоларо,
Гьацулал тIугьдузде жила чIехьола.
ЧIарбидасан хъурщун щобде щунилан,
Щурун къверкъ цIвабзахъе цIабуцIунаро.

Дуе поэтал щай щалайдул гIабукI,
ГIагараб ракьалъе рокьул кечI ахIе.
ХIабщадерицацин тIубан дур гьеб цIар
ЦIалулеб батани тамаша буго.

Расул тIерхьинегIан чIунищ йикIарай,
ЧIинчIо берцин дуца цаби рихьизе.
Мун гIадал къуткузул къвакъвади гъосда
Къаникье иналде лъараб букIана.

ЧIаго вукIин талихI нижер ГIабасов
ЧIагого хваразул хобал рихьизе.
ЗайнулгIабидовас хъвараб поэма
ГьитIинаб рецц буго гьесул цIаралъе.

Халкъияв вуго гьев Халкъиявгицин
Рорцен битIун цIани, ракьул халкъальул.
ГIабасовасул хатI, хаслъи, гъварилъи
Гьеларал бутIрузда босизе кIвани.

Цин лъабго пьеса гIела цIаруе
ЦIвабзазул курсалда керен бихьизе.
Камилал тIахьазул томазда жаниб,
Тун бугеб хазина хатI бичIчIулезе.

РакI гурхIулеб буго ХIабщияй дуда,
ХIенехI букIарабги кечI лъугIун ккарай.
Гьеб жугьтIилаб билъан дуца хъвараб кечI
Рохел пашманлъизе бищилеб лъица?

Валагь рекъон гьечIо Къажар Майсарат,
Пикру бикьулезул пикру гьечIолъи.
Пикрудул чIоргIадал рагIи бугезул,
РагIадалда жаниб жужахI балагьи.

Дур макъала цIалун дуда релъулел,
Хундерил гьитIичаз хъвана дуй жаваб
Жеги жиржидани, хадуб цо рукъи,
Рекъезе гьабураб гьанибги буго.

МУХIАМАД ХIосенов, Хунзахъ район, Мущули росу.

"Миллаталде" кагъат

Ассаламу гIалайкум хIурматияб «Миллат» газеталъул редакция ва бетIерав редактор БисавгIалиев МухIамад. Бисил гIадин ритIухълъи бокьулеб, эркенлъи бокьулеб хасияталъул магIарулав ватайги мун, дида лъалев чи мун гуро, хъвалел макъалаби лъикI хъвалел руго. Гьанже цо-кIиго рагIи бицинин гьаб нужеца биччазе байбихьараб газеталъул хIакъалъулъ. Дица, гьаб газеталъул щибаб номер цIаларав цIалдохъан хIисабалда, дирго дагьал пикраби загьир гьаруни бегьунгутIи батиларо.

Нуж киса рачIарал, щиб магIарулазухъе босун рачIарал гIадамал абураб суал бижун букIана дир тIоцебего. ТIоцебесеб номералдаго С. ГIумахановасул интервьюги кьун, гьаб газета Хасавюрталъ биччазе байбихьун батилин ккун букIана, амма хадусел номеразда хъвай-хъвагIаял рихьарабго дида бичIчIана тIубанго гьезда рачIел чагIи нуж рукIин. БачIинахъего абилин газета лъикIаб бугилан. Бадибе рецц гьабиги рекъечIеб иш буго, амма бугеб жо бугеб къагIидаялъ абизе кколин рикIкIуна дица. «ХIакъикъат» лъугьун буго хераб рузида релълъун. Хъвадарулел, дагьабгIаги бегIераб къалам бугел чагIи гьенир дида рихьулел гьечIо. Гьездаги гIайиб кин чIвалеб, хIукуматалъ гIарац кьун кваназарулел чагIи ругелъул, жал кваназарулел кверал хIанчIилищха гъоз? ХIанчIуларо. Амма бугониги цо кинабгIаги нилъги магIарулал ругин, гьаб Дарги хIукуматалда нилъер къадруги къойидаса-къойиде дагьлъулеб бугин абураб жо гьеб газеталъул гьурмаздаса дида бихьичIо. Гьанже заманалда магIарулазул миллат цолъизабизе, магIарулазул ругел гIунгутIабиги къватIиб чIвалеб, лъикIал рахъалги цере лъолеб, магIарулазул киналго яхIги, гIакълуги, гьунарги бугел чагIи жинда сверухъ ракIарулеб, магIарулазул гIаммаб годекIанлъун лъугьине ккола «Миллат» газета. ТIоцересел галаби лъикIал руго.

Цойги бокьилаан гьаб газета кинавгIаги хIакимасда, ялъуни киналгIаги политикиял къуватазда гъоркьеги ун гьезул интересал цIунулеблъун лъугьунгутIизе. ВацIцIадав, бихьинав, бадиб рагIи абулев магIаруласе кидаго рагIуе ихтиярги нужеца кьуни, рухIгIанги хIажат буго гьанже магIарулазе гьединаб газета. БисавгIалиев ХIакъикъаталда хIалтIулеб механъго рукIунаан бегIерал, квешлъиги мекълъиги къватIир чIвазарулел макъалаби, гьанже тIубанго журнилистасул махщел камиллъун бугин ккола, дие цIакъ рекIее гIолеб буго батIи-батIиял чагIазулгун гьарулел гара-чIвариял ва кьолел бегIерал суалал. Бокьана ГIабдулатIиповасулгун интервью, амма рокьичIо гьев дица гIакъилавин рикIкIунев вукIарав магIарулас абурал рагIаби. БисавгIалиевасул районалдаса чи вукIун квеш бихьизе батаниги гьесда, тамахав чи вуго гьев. Гьеб бихьизабуна МухIамасалам веццулев вукIиналъ. Чанго соналъ МухIамагIалица Дагъистаналъул бетIерлъун хъулухъалде виччачIого чIезавун вукIун гьел рокьуларел ратила Рамазание абун ккун букIана, гьев гьел реццулев вуго. Сундуе гIоло реццилел гьел, дида бичIчIулеб гьечIо. Хадусев президентлъун МухIамадсаламил вас тани, магIарулаз тIаде рахъун хъат чIвазе буго. ЧIваларищха, магIарулазда гьоркьов бищун гIакъилавин рикIкIунев ГIабдулатIиповасцин гьев хутIарав ункъавго магIаруласдаса мустахIикъав вукIанин абурабго. Гьесул бакIалда цоги кандидат таравани, Рамазаница гьесул рахъалъги гьелго рагIаби абизе рукIин бичIчIана гьанже.

Гьеле гьелъ, гьалмагъ БисавгIалиев, гьал магIарулал тамахлъулел рукIин бихьизабизе, чанго хIакимас жал магIарулал рукIиналдаса пайдаги босун гьенireги ун, гьенив щив президентлъун кканиги гьесие бетIер къулизе хIадурал ругеблъи бихьизабизе къваригIун буго нилъее газета. Нилъергояб, магIарулазулаб. Дица нужее гьарула гьабулеб ишалъулъ Имам Шамилилаб кьвариги, ХIажимурадилаб бахIарчилъиги, Расулилаб пасихIлъиги. ГIабдулатIиповасулаб гIакъиллъигиян абизехъин букIана, гьал ахираб интервью цIалун хадуб ракIалъ виччалев гьечIо. ГIабдулатIиповасулаб тамахлъи нужеца рикIкIад те. Дуца хъвавухъе, вассалам ва МухIамасалам.

КАМИЛ МухIамадов,
ЧIикIаб росо
kamil___kamil@mail.ru

«Миллаталда» тIаса пикраби

ХIалтIиги лъугIун рокъое юссунаго, газетазул киоскалда батана дида «Миллат» газета. Цебехун рагIун букIана М.БисавгIалиевас цIияб газета биччалеб бугин, амма цониги номер дихъе щун букIинчIо. Дир пикруялда, цойги газета магIарул мацIалда бачIин кутакалда лъикIаб ва магIарулал роххизе ккараб иш буго. Баркала кьола редакциялъул советалъеги, редколлегиялъеги, гьеб кIвар бугеб ишалда квер барав МухIамад БисавгIалиевасеги.

Дида БисавгIалиев лъала «ХIакъикъат» газеталда цIаларал гьесул макъалабаздалъунги, гьединго «Черновик», «Новое дело» газетазда гьес хъварал макъалаби цIалана, гьев вуго гьунар бугев ва жиндирго пикру рагьун абулев, гIадамазе цIализе вокьулев журналист. Икъбал кьейги гьесул байбихьиялъе.

«Миллат» дица цIалана кIудияб гъираялда, амма кинго кIвечIо дирго пикру загьир гьабичIого тезе. Нилъер магIарулазул гIунгутIи буго щивас жиндирго гуреб пикру цебехун биччангутIи, газета цIалулагоги гьеб бихьулеб буго. Гьелъ босана дица къалам кодобеги, лъаларо гьаб хъвай-хъвагIай газеталда бахъулищали, бахъичIониги рекIее бигьалъи букIинеян хъвалеб буго. Дида ГIали Камалов вихьана, амма гьес хъвараб жо цIаличIо ва гьелъие къимат кьезе кIоларо. М. БисавгIалиев дида цониги вихьарав чи гуро, макъалабаздасан лъан гурони.

Дунялалъухъ балагьун, гIадамазда гьоркьор хьвадун ругьунлъизе заман щвана нилъее. МагIарулал руго лъикIал гIадамал ва квешал политикал. Гьелъ нилъер миллаталъе заралги гьабула. Мунго лъикIав чи гьечIониги, хIелизе лъачIони, иш цебе унаро, хIели бецIизе кколарин абиги бугелъул, гьеб гIелму лъалел тIараде унеб заман буго. Нужер кIигоясда гьеб лъалеб бихьуларо.

Камаловасеги лъикI букIинаан журналистазул председателлъун вугев чиясе газета бачIинги баркун гIолохъаби данде рачани, щибизе гьесие букIараб цIияб газета какизе, цо номер гурони бачIинчIеб механдаго. Гьес какиялъ тIадеги машгьурлъана «Миллат», беццун, цоцалъ рекъон хIалтIун, лъалареб жо малъун машгьур гьабизеги бегьилаан. Кидаго цоцаца какулелищ рукIинел, цогидал миллатазулги иш лъикI гьечIо, амма гъоз какуларо. Дие цIакъ бокьана М. БисавгIалиевасул «Туннелги, президентги, КIикIуниса МахIачги» абураб гара-чIвариги.

КигIан захIматал суалал БисавгIалиевас лъуниги, МахIачида кIун буго жавабал кьезе. Амма БисавгIалиевас «Миллаталда» лъолел гара-чIвариязда бихьизабулеб буго кин хIакимзабазда цере суалал лъезе кколел, газетал гIицIго гъол реццизе рукIунареллъи.

Церехун дида цониги газеталда рихьун рукIинчIо гьединал суалал хIакимзабазда цере лъун, «Миллат» газеталъ бихьизабуна гьедин кIалъазе кколеллъи, гьанже хутIаразги мисал босила гьелдаса, гьеб лъикIги буго. Гьей Майсарат МухIамадовалде гъегъ балел чагIиги чIезаре, гьелъулги ругелъул цIалдолел. Цоцазде ганчIал речIчIичIого гIадамазе хъулухъ гьабизе Аллагьас гьунарги, тавпикъги кьейги нужее.

А. МУХIАМАДОВА,
МахIачхъала шагьар.

P.S. **Редакциялде рачIарал гIемерал магIарулазул кагътал кIвар кьечIого реххун тезе бегьунгутIиги хIисабалде босун, хIукму ккана «Миллат «Миллаталда» кIалъалеб буго» абураб эркенаб гьумер гьабизе. ХIурматиял магIарулал, гьаб гьумералда нужее кьолеб буго эркенаб микрофон, ракIалда бугеб босе кагътиде, битIе электронияб адресалде, яги нижер редакциялде. Кагъат хъвазе бегьула росдал бегавуласдаса бахъараб президентасде гIунтIун бокьарав хIакимасухъе, машгьурал гIадамазухъе хIатта йокьулей ясалъухъецин. Гьеб кагътиде босизе бугеб махщалида ва борхулеб масъалаялъул кIваралда рекъон кьезе буго газеталда бакI.**

РЕДАКТОР

◆ ГъазимухIамад ГЪАЛБАЦIОВ

АДАБИЯТ

КОММУНИЗМ

Байбихьи цебесеб номералда

– ГIела! – ян гьаракьги гьабун начальникас столалда зар бана ва ГъецIбегил кIалдисан гIаракъидул махIчIвараб гIадин куцги букIкIинабуна. – БичIчIана. Дида лъаларо дуца лъимал кин хъихьун ругелали, амма цойгидал ГИБДДялъул хIалтIухъаби тIад номералги гьечIеб машинаги бачун мехатарав чи кидадай вачIинаян чIун рукIуна. ГIадаллъун вуго мун.

– ГьечIо. – «Смирно» – ялда чIун вукIана ГъецIбег жегиги, жегиги добго гIетIул гороги букIана надалда хурхун чIун.

– Дуца суризабулеб буго гаишникасул честьги. Гьелдаги хадуб совестьги. ТIокIаб дуца гьанисан, гьаб посталдасан тIад номерги хъвачIеб гирулеб жо биччани, дица мун вухила.

Все!

Гиризабун къалигун вачIунев вукIарав

Пятилетка посталде щвараб мехалда ГъецIбегица чIезавуна, цо батIияб чар–чараб тIилги цебе ккун. Пятилеткал къолода номерал хъван гьечIолъи рикIкIадасанго бихьана ГъецIбегида.

– Инспектор МухIамадов ГъецIбег, – иланги абун честьги ккун Пятилеткада цеве чIана ГъецIбег.

– ЧIахъаги коммунизм! – илан абуна Пятилеткаца гьесго гIадинан честьги ккун.

Гьел кIияздаго бакьулъ бегун букIана чIобогояб къали.

– БичIчIичIо, – ян абуна ГъецIбегица.

– Щиб жо?

– Щиб щиб жо?

– Щиб дуда бичIчIичIеб? – илан гьикъана Пятилеткаца. Пятилеткада киданиги дандчIван вукIинчIо гьедигIанго цIакъ «политико–воспитательнияб» рахъалъ нахъе ккарав чи. «Цо биччIчIи кьеялъул хIалтIи гьабизе ккела гьанибги», – ян пикру гьабуна гьес.

– Дур фамилияги цIарги щибали бичIчIичIо. "ЧIахъаги коммунизм" ватиларо гури мун?

Пятилеткал гIамал кIодолъана. Рес щвана жиндирго цIарги фамилияги абизе. Киса–кибего тIибитIун бугеб гьесул фамилияги цIарги гьав чиясда рагIичIого хутIизе ресго букIинчIо. КатIарицин битIа–бишизе гьабуна Пятилеткаца.

– Дун ккола Шусонов Пятилетка.

ГъецIбегил пагоналдаса цо маххул жо бортун ана.

– Щибилая цIар?

– Пятилетка!

ГъецIбег сверухъе валагьахъдана. Додинго хьвадилел машинабиги рукIана, добе–анибе кьуричIого постги букIана, цебе бегизабун къалиги букIана. Хал гьабураб мехалда дунялалъе ккара–тараб жо букIинчIо.

– Ваши документы…

Мугъзада бухьун бугеб къвачIинив гелгедизе байбихьана Пятилеткаца ва заманалдасан гьенисан бахъун бачIана багIараб кьералъул документ.

– Вот.

ГъецIбегица лъикI хал гьабуна документалъухъ. БичIчIичIо. Праваби гурони гьесда батIияб документ лъазеги лъалароан.

– Гьаб щиб жо?

– КПССалъул членасул билет! ЧIахъа партия!

ГъецIбег гьанжеги сверухъе валагьахъдана. БукIинчIо хиса–тараб жо. «КПСС букIараб заман щиб, гьас бицунеб жо щиб?.. Чанабилеб къодай жакъа?..»

– Гьухье цо…

– ?

– Дир гьаб гьурмаде гьухье… ХIохьел пуй дитIе…

Пятилеткаца гьухьана. «Гьав чисда щай дун Пятилетка вукIин лъалареб? Асул гьумер квачарабщинахъе тIаде гьехьезе кколев чийищ дун, цIар рагIарав Шусонов» – илан букIана Пятилеткал ракI.

– ГIумруялда жаниб киданигийищ дуца гIаракъи гьекъечIеб?

Гьеб сулалъе жаваб кьун бажаричIо Пятилеткахъа – бачIун аскIоб чIана асда цебеги бихьун букIараб «джип». Рагьун бачIана гьелъул нуцIа ва машиналда жаниса къватIибе бачIана одеколонал ъул махI. МахIалда хадув къватIиве лъугьун вачIана довго Свирепый Мага. Автоматги букIана гьесухъ кодоб. Гьеб «джип» Свирепий Магаца лъабго–ункъго «нарушениеги» гьабун чIезабун букIана.

ГъецIбег Свирепый Магадехун вуссана:

– Инспектор Магомедов ГъецIбег. Ваши документы.

ГъецIбегил жиндирго талихI бахъана Свирепый Магахъ кодоб бугеб автомат «предохранителалда» лъун букIин, гуребани гьебсагIатго жанисан цер унеб кIаратI бахъулаан гьес ГъецIбегил керен бакьулъ. Свирепый Магал «джипги» бихьун, ццин бахъун автоматалда квак–квадилевги гьевги вихьун къватIиве кIанцIун вачIана начальник.

– ТIаса лъугьа, бегьилеблъун батани… ТIаса лъугьа, – ян щиб гьабилебали лъаларого нечон, Свирепый Магада цевеги чIун роц хъасулев вукIана начальник. – Хъулухъ бацIцIад гьабулев вукIун ватила ав пакъир… Живгоги дагьав батIияв вуго… ГIадаллъараб чахъу гIадав чи вуго. Бегьилеблъун батани тIаса лъугьа…

Ццидаца

гIурччинлъун букIараб Свирепый Магал гьумер хIала–балихъе кIвана рукIалиде бачIинабизе.

– Гьав чи щай чIезавурав? – илан гьикъана гьес заманалдасан автоматги Пятилеткадехун битIизабун.

КIал–мацI ккун хутIун вукIана ГъецIбег.

– Дуда гурелищ кIалъалел ругел? – илан тIаде ахIдана гьесде начальник. – Жаваб щай кьолареб?

– Дуцаго гурищ абун букIараб номер тIад хъвачIеб гирулеб жо биччагейилан… – илан ахир–къадги кIалъазе кIвана ГъецIбегида.

– Балагьеха гьудул гьанже… ХIисаб гьабун бихьеха… Гьадинав гIадалав чи вукIине ккани… – янги абун цIидасан Свирепый Магадехун вуссана начальник ва гьанжеги тIаделъун роц хъасизе лъугьана. – ТIаса лъугьа… Дица абичIищха дагьав батIияв вугин авилан…

Свирепый Мага гIадал чагIи гIемер рачIунел рукIун ратизе руго гьеб посталде – начальникасул нахъаса тIажу тIеренлъун букIана.

«Джипги», Свирепый Магаги, автоматки бихьарабго бичIчIана Пятилеткада живги лъан, жиндир тIалаб гьабизе вачIарав чи гьев вукIин. «Гурони кидаллъизегIан къотIнор чIарал гIадамазул гьурмаде пударилев вукIинев»?

«ТIаса лъугьа» бачунев начальникги, гьесухъ гIенеккун Свирепый Магаги тун Пятилетка, вуцIцIун чIун вахана чияр «джипалда» жаниве. Гьел кIиялгоги, ГъецIбегги хадур ралагьун хутIана.

– Ле, Аллагьасул лагъ, – илан абуна Пятилеткаца Свирепый Магада, машинаялъул рагьараб гордохъан одеколонал ъул махIги къватIибе биччалаго, – Рилъа гьаниса нахъе…

Пятилеткаца малъарабги гьабун Свирепый Мага жиндирго «джипалъул» рулалде нахъе вахана.

– Гьеб къали, – ян гьаракь гьабуна Свирепый Магаца начальникасде, машиналде жаниве вахиналде, – дир добе рокъобе щвезабе… сразуго!

ЦIидасан добго ункъабго «нарушенияги» гьабун «джип» ана.

Начальник валагьана ГъецIбегихъ.

– ГIадалав вугин абураб рагIуда божулевги гьечIоха мун… Гьаб къали жаниб лъезе бегьулебгIадаб машина ккве… Цинги дун ахIизе вачIа… Дуда щиб гьабилебали нилъ хадур ургьилин…

Гьединги абун, цебе унеб машинаялда щвелеб къагIидаялъ хIацIуги тун начальник жиндирго кабинеталъуве ана.

Хадув валагьун хутIана ГъецIбег.

– Дида бичIчIичIо… Номер гьечIеб жо дица кквезейищ кколеб яги биччазейиш?

Пятилеткаги, Свирепый Магаги рукIана машинаялда жаниб бугеб магнитофонал ъухъ гIенеккун. Гьелъ ахIулеб букIана:

«Вокьулилан шурула
Швеларилан хIинкъула» – ян.

5

Свирепый Магаца жиндирго «джип» бачана МахIачхъала бакьулъ бугеб цо хъалаялда релълъараб рукъалде цебе. Гьединаб кIудияб, билбагIарал гордалги ругеб берцинаб рукъ Пятилеткада тIоцебесеб нухалъ бихьулеб букIаниги гьес кинаб бугониги гIажаиблъи гьабичIо – гьединаб бакIалде гурони вачине рес букIинчIо Дагъистаналдаго цIар рагIарав чи. Пятилеткада бичIчIулеб букIана республикаялъе жиндирго бугеб кIвар.

Свирепый Мага къватIиве вахъана кодоб ккун автоматгун ва гьес, машина сверун вачIун, Пятилеткал рахъалдехун бугеб нуцIа рагьана. Пятилетка машинаялда жаниса къватIиве вахъана тIараде щвезегIан гордел маргъалалги рахалаго.

Рукъалъул кавуялда цеве чIун вукIана лъабго чи. Лъабалго рукIана Свирепый Магада релълъарал; гьесулалда бащадаб букIана лага–черх, релълъараб букIана тIарцIго къунцIараб катIари, релълъарал рукIана лъабасго кодор ккун ругел автоматал. Свирепый Мага гьесда кIалъазецин кIалъачIо. Пятилеткаги кIалъачIо. Векерун ун цояс Свирепый Магаеги Пятилеткаеги каву рагьана. Гьеб каву букIана кIудияб, бакIаб ва тIад жанаваралги рахъараб. Пятилетка цеве виччана. МахIачхъалаялъул къватIадалдаса кIудияб букIана азбар ва азбар цIун чIун рукIана додиналго Свирепый Магада релълъарал чагIи. Автоматалги рукIана киназухъго. Куцалги рукIана гьезул санагIалъи бахъарал.

Азбар бакьулъ чIана Свирепый Магаги Пятилеткаги. Сверухъе чIана азбаралъур рукIанщинал цоцазда релълъарал гIадамал. Чан чи вугевалицин рикIкIинчIо Пятилеткаца – гIемер чи вукIана.

– Кьвагьдаралищ жакъа нуж? – илан гьикъана Свирепый Магаца.

– Кьвагьдана, кьвагьдана… – ян абуна гьез рази–ракиго.

– Гьадин гьабе… Гьав чи вихьулев вугевищ? – Свирепий Магаца кодоб ккун букIараб автоматалъул хIара битIизабуна Пятилеткадехун, – гьав чвердезеги гьаве, асда костюмги ретIе. Кванан вахъараб мехалда дове «офисалдеги» вачe.

Гьединги абун Свирепый Мага кьурун вуссун кавуялде аскIове ана, азбар бакьулъ эхетун Пятилеткаги тун. Кавуялде цеве щвараб мехалда лъалхъана гьев.

– Цо къали бачIине ккола анибе босун. Гьеб къали офисалде щвезабе… одеялалда гъорлъги жемун.

Свирепый Магал офис рикIкIада букIинчIо. Площадалда аскIоб, гордухъан «правительство» бихьулеб бакIалда букIана. Гьеб букIана кIудияб лъабтIалияб мина къадазда, нуцIбузда долго жанаваразул сураталги рахъарал. Гьеб минаялда, бихьулеб бакIалда борхатго ва чIахIаго хъван букIана «Борцуха М» илан. Хъван букIана ингилис хIарпаз «BORTSUHA M». Къаси–къаси рекIинеги рекIунаан гьеб хъвай–хъвагIай, билбагIараб, гвангъараб канлъи киса–кибегоги тIибитIизабун. Хасалоцин хIутI–хъумур бакIарулаан гьеб канлъуца. ГIурччинаб байрахъги букIана тIад чIван. Гьелдаги хъван букIана «Борцуха М» илан. Офисалда цере кидаго эхетун рукIунаан Свирепый Магал рокъор нилъеда рихьун рукIаразда релълъарал гIадамал. Автоматалги рукIунаан гьезухъ кодор ккун дол цоязулалда релъарал.

Жакъаги рукIана гьел автоматал кодор ккурал гIадамал гьенир чIун.

– Ассаламу гIалайкум, – илан абуна Свирепый Магаца одеколонал ъул махIалда хадув автоматги босун вачIунаго.

– ВагIалайкум салам, – илан абуна «гIоркьилаз».

– Кьвагьдаралищ жакъа?

– Кьвагьдана, кьвагьдана… – ян рази–ракиго жаваб кьуна гьез. Жанир цIурал, жалго рижиялдаса разиял чагIи рукIана гьел.

Свирепый Мага жиндирго кабинеталъуве ана. Рорхатал ва бакIал нуцIбиги ругеб кIудияб кабинет букIана гьесул. НуцIбузда рахъун рукIана жанаваразул суратал.

Хадусеб букIине буго

Чачаналда башдаб росу лъугIана

Ниж церегоялдаса нахъе цоцада лъикI лъалел чи гIадин гIодор чIун рукIана. Мех-мехалъ данде кколароан нижер пикрабиги. Амма нилъеда сверухъ лъугьараб ахIвал-хIалалъ цохIо росдал, районалъул, республикаялъул гуребги улкаялъулго ургъел гьабизе тIамулел рукIана. ГIалиасхIабица цин дун вачунев вукIана живго жанив гьавураб чачаназул ракьалда КIудияб ВатIанияб рагъул заманалда хIал гьабун Дагъистаналдаса гочинаруразул ГIандалал районалде, Гъалайти росулъе, хадув жакъаги гIадан-чи гьечIого чIунтун лъугIараб гIагараб Гъуниб районалъул кIуядерил Чарахъ росулъе… Цинги нахъеги чачаназул ракьалдасаги нахъе гочинарун жинцаго гьитIинаб ВатIанилан цIар тараб Гъизилюрт районалъул Нечаевка росулъ рештIен гьабулаан гьесул пикрабаз…

ГIалиасхIаб Хархачаев. Гьеб магIарулазда, дагъистаниязда, гIезегIан рагIараб цIар бугилан абизе бегьула. ГIалиасхIаб хIалтIана Дагъистаналъул «Стекловолокно» заводалдаги, «ЧIикIабГЭСтроялдаги», Гъизилюрт районалъул администрациялъул бетIерасул заместительлъунги, республикаялъул БТИялъул генералияв директорасул заместительлъунги…

Бищунги гIадамазда гъорлъ ГIалиасхIаб Хархачаевасул хIаракатчилъи бихьана жамгIиял ишазда. Имам Шамилил цIаралда бугеб фондалдаги, доб балагьаб 1999 соналда Дагъистаналде тIаде боевикал кIанцIараб заманалдаги, жакъаги Россиялъул БахIарчи, милициялъул генерал-лейтенант ГIадилгерей МухIамадтIагьировасул цIаралда бугеб регионалияб «Гъуниб» абураб жамгIияб фондалъул исполнительнияв директор хIисабалдаги.

— Дагъистаналдаса 1944 соналда чачаналде гочинаруразда гьоркьоб букIана Гъуниб районалъул кIиго росуги: ХIотIочIибги нижер кIуядерил Чарахъги, - ян байбихьана ГIалиасхIабица рикIкIадасан хабар. — Дун гьенив гьавуна ва анлъго сон бараб мехалъ 1957 соналда, Н. Хрущевас Указги бахъун, ниж нахъеги гочинаруна Гъизилюрт районалде Нечаевка абураб росулъе. Гъоб мехалъ гьеб букIана Хасавюрт районалда гъорлъ. Гьениб цIидасан минабиги ран магIишат гьабизе байбихьана. ГIемераб къо бихьана.

Чачаналъе гочинарулеб мехалъ Чарахъ букIун буго 120 цIараки. Гьениб нижер тIаса ун гурони, тIаде вачIарав чи ккечIо. Бакъул унтуца унтун хварав чи вукъизе кумекги щвечIого рокъор жанир рукъун-рукъичIого ралел рукIун руго къоял. ГьедигIанги рагъдеги ритIун, бихьинал хутIун рукIун гьечIо росулъ.

Дирго гьенир хвана 16 сон барав инсул вац, кIияйго кIудияй эбел, цояв кIудияв эмен… Дирго гIадин цоги-цогидазеги ккана кIудияб ками.

Ниж киса-кирего документазда рихьизарун руго ниж нижеего бокьун гочинарурал гIадамал гIадин. Гьеб буго бищун захIматаб жо. Дора жидежидер магIишатги гьабун эркенго рукIарал нижер умумузда ракIалде щун рагIула доба чачаналъ Гъалайти абураб росу, гьенире гочизе. Руччабаз гьабун буго хIукму гьеб чачаналъе гочун лъикI гурищан. Гьеб жо гIадан тIад велъулеб жо гьечIищ?!

Жакъа къоялъги ниж рикIкIуна нижеего бокьун чачаналъе гочинараллъун ва гьединго 1957 соналъги нижеего бокьун Дагъистаналдеги тIадруссарал гIадин.

ХIакъикъаталда кин букIараб? Дир мунагьал чураяй инсул яцалъ бицунаан доре Чачаналъе гочинарулеб мехалъ къаси радалиде рачIун гьал армиялъул чагIиги, ярагъги тIадгун, нухда босизе бегьулеб жогицин босизе течIого автоматазда гъоркь Чачаналъе рачине къватIире рахьинарунилан. Гьенир чачаналъги ниж 13 сонги бан, тIаде гIолезе гьавабакъги рекъон магIиишатги данде билъун, гIадлуялдеги рачIараб мехалъ бахъун буго буюрухъ нахъеги ниж тIадруссун гочинаризе. Нечаевкаялде рачIунеб мехалъ нижер 120 цIаракиялъул хутIун букIана 61 цIараки. ТIадуссун жидерго гIагараб Чарахъ росулъеги гIумру гьабизе ине хIукуматалъ нух къан букIана. Цо-цо чагIи ун рукIана доре. Амма гьенире хадур милицабиги рачIун, нужее бихьизабураб бакI Нечаевка бугиланги абун, нахъе рачахъун руго. Чарахъ росдал ракьги доб мехалъ лъабго бутIа гьабун къородисезул, гьонодисезул, нижерго кIуядерил магIишатазда гьоркьоб бикьун кьун батана. Гьедин гьенире ун рукIарал дирго гIагарал чагIи мунагьал чураял Абакар, Насрула-ХIажияв Чарахъ гIумру гьабизеги течIого Нечаевкаялде тIад руссун рачIана.

Нечаевкаги нижеда батана хIарщ, кIкIара гIемераб, гIадан-чи жаниса вилълъун бажаруларебе бакI. Гьенир гIадамаз байбихьана магIишат гьабизе палаткабазда, землянкабазда жаниб. Жидеего бокьараб къагIидаялъ минаби разе толароан хIукуматалъ. Киназулго гьел рукIине кколаан цокIалал. Гьениб букIана къамышги хьуцIги… Доб мехалъ дун гьитIинав чи вукIаниги кинабго ракIалда буго.

— Дурго эбел-инсул къисмат кинаб ккараб?

— Дир эмен ХархачмухIамад 1939 соналда Советияб армиялде арав чи КIудияб ВатIанияб рагъги лъугIун, рагъулаб ункъо орденгун, ичIго медальгун 1946 соналда рокъове вачIана. Цинги гьев хIалтIана дова чачаналъ ниж рукIараб росулъ лъималазул рукъалъул директорлъун, колхозалъул парткомалъул секретарлъун. Дагъистаналде рачIараб мехалъ цин эмен вукIана тукенчилъун, хадув гьес чамалиго сон бана Сухокумскиялда. Эмен дица вукъана Нечаевкаялда. Эбел чIаго йиго. Гьей бицуней йикIуна жидеца гьабураб магIишат гьанже гьадинго цо жуликIазе щванилан. 39 соналъ дояркалъун хIалтIана эбел. ЙикIана Дагъистаналъул Верховный Советалъул депутатлъун…

БитIарабги буго гьелъ абулеб жо. Нилъер умумуз гьабураб магIишат тIаде рачIун цогидаз шушах биххизабуна. Дицаги гьезда жуликIалин гурони, тIокIаб жо абуларо. Сагъав чияс цогидаз гьабураб магIишат кваналаро.

— Чарахъа гIадамал цо бакIалда гIумру гьабун, яги бакIбакIазда щущанищ ругел?

— Чарахъдерил ункъого процент Нечаевкаялда бугилан абизе бегьула. Жакъа гьениб буго нижер кинабниги 150 цIараки. Цо-цоял руго Шамхалалда, Бирюзакалда, МахIачхъалаялда, Ленинкенталда… Америкаялдацин лъабгогIаги чи вуго.

Дир вацгIал букIана ЧIегIеров СагIаду абун. КIудияб ВатIанияб рагъул заманалда гьев немцазухъе асирлъудеги ккун, концлагералдаса эркен гьавун вуго Америкаялъул рагъухъабаз. Гьениб гьез абулеб букIун буго нуж ВатIаналде ани, Сталиница я чIван, я 25 сон кьун туснахъазда тIамун, хIалалда тезе гьечIилан. Гьанже хъвалеб жо битIараб батани, гьедин букIунги бугоха. Гьелъ цинги дир вацгIал цин Турциялде, хадув Египеталде, гьенисаги гамида рекIун Америкаялде ун вуго. Гьениб гьабун буго хъизан, данделъун буго магIишат. ЧIаго вугеб мехалда ССРалдеги вачIун букIана СагIаду. ТIоцебе гьесдасан лъана Америкаялда нилъер цIар рагIарав художник Халил-бек Мусаясуласул вукIавахъиналъулги хъизаналъулги хабар.

Гьелъул хIакъалъулъ дие бицун букIана гьанже нилъгун гьечIев ХIажиев ГIабдулхаликъ абурав разведчикас. Гьевги дир вацгIал СагIадуги дандчIван руго Америкаялъул Ню-Джерси абураб шагьаралда черкесазул (гьедин абула Кавказалдаса гIадамазда гьениб) данделъиялда. Гьенир нилъер умумузул ретIел ретIарал руччабиги чиги рихьараб мехалъ жив цIакъ воханилан бицунаан разведчикас. Циндаго жинда аскIове вачIанила цояв. Гьев инглис мацIалда лъугьун вуго гаргадизе.

— Мун Кавказалдасайищ кколев?

— У…

— Киса?

— Дагъистаналдаса.

Гьеб рагIарабго СагIаду тIаде вахъун вачIун вуго.

— Щиб миллаталъул?!

ГIабдулхаликъица магIарулав вугилан абун бахъиналде гьел кIиялго данд хурхун руго. Гьениб разведчикасда СагIадудасан лъан буго нилъер машгьурав, цIар рагIарав художникасул хъизаналъ гIумру гьабулеб бакIги. Гьенибе щвезабизе кколеб букIун буго Дагъистаналдаса Халил-бекил цевесев чи Мусаев МухIамадица битIараб сайгъат…

ГьабсагIаталда Америкаялда гIумру гьабулеб буго СагIадул лъималаз. Гьел ккола дир лъималазул цунагIалзаби. Гьединго жеги рукIана Чарахъа Дагъистаналдаги гьеб бахун къватIирги машгьурал гIадамал. Масала, Къурбанов АхIмад. Гьев хIалтIана Дагъистаналъул обком партиялъул отделалъул заведующийлъун. Къого соналъ Нечаевкаялда совхозалъул директорлъун хIалтIана МухIамадов Къурбан. Гьев ккола гьениб нухги, лъимги, телефонги байбихьуда чIезабурав чи. Къурбаница гьабураб хIалтIи хвезабизе кIоларого руго гьанже тIаде рачIарал. Гьенивго бегавуллъун вукIана Набиев Къурбан. Гьесул жакъа къоялъги бицуна гIадамаз. Нечаевкаялда абуни руго Хучадаса, Дагъбашалдаса, ЦIумадаса гIадамал, балъхъал, гIандал, чIарадисел, лъаратIисел, цIунтIал… магIаруллъиялъул камурав чи гьечIо.

ГI. Хархачаев президент Р. Къадировгун

Дагъистаналда ГЭСал ралезда лъикIго лъала Чарахъа ХIажиев ХIажи. Гьев «ЧIикIабГЭСстроялда» хIалтIана геодизистасул хIалтIудаса байбихьун бакIал ралезул управлениялъул начальникасул заместителасул хъулухъалде щвезегIан. Гьес гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналда ралел ГЭСазул лъабго гIор къалеб букIалда…

— Мунго, ГIалиасхIаб, Чарахъе щваравищ, щиб ракIалда бугеб, кинал пикраби ругел жакъа нужер гIадамазул?

— Дунго цIакъго сонал араб мехалъ гурони Чарахъе щвечIо. Гьеб букIана 1986 сон. Дун вукIана 35 сон барав чи. Дида гьеб батана умумуз бицухъе цIакъ берцинаб бакI. АскIоб кIудияб ТIелекь росуги буго. Гьенире цIализе унел рукIун руго нижер лъимал. Нижее нухги бигьаяб буго ТIелекьан. Гьенисан километрагин башдаб гурони манзил гьечIо лъелго росулъе ине. Жакъа къоялъ УАЗ машина бахъулеб нухги буго Чарахъе. Гьенибе ток бачун, нухал къачIан, ай нахъ руссизе бокьарал гIадамазе ресал гIуцIизе ракIалда буго. Гьелъие гьабулеб хIалтIиги буго. Бичасбичани, дун чIаго вугебгIан заманалда хIаракат бахъизеги буго. Гьеб нухда билъинеги батила.

Гара-чIвари гьабуна
МУХIАМАД Къебедовас

хитIаб

ХIурматиял «Миллат» газеталъул цIалдолел!

Редакциялъ хIукму гьабуна иргадулал номеразда, гIадатлъун лъугьараб нилъер «СанагIат гьечIел суалал» рубрикаялъе магIарулазул районазул бутIрузулгун гарачIвариял гьаризе. Гьел рукIине гьечIо хIукуматалъул газетазул форматалда, хIакимзабазе рецц гьабулел хъвайхъвагIаял. Нижеца санагIат гьечIел суалал кьезе ккани ва хIакъикъат рагьизе бокьун батани, гIахьаллъе гьеб ишалда гьоркьор нужги. Нижеда киналго районазда ругел гIунгутIаби лъачIого хутIизе рес буго. Районазда ругел гIунгутIабазул, гьезул цо-цоязул санагIат гьечIел ишазул хIакъалъулъ суалал ритIе редакциялде. Гьебго къагIидаялъ суалал ритIизе бегьила магIарулазул политикаазухъе, министразухъе, депутатазухъе, машгьурал чагIазухъе, щиб пишаялъул гьел ругониги. Гара-чIвариял кьезе руго СМСалдалъун ва электронияб къагIидаялъ почтаялде рачIарал суалазул къадар хIисабалде босун. Гьелго суалал лъезе руго нижеца газеталъул микьабилеб гьумералдаги.Гара-чIвариялъе инкар гьабурал нухмалъулезул ва гьезул хIалтIул рахъалъ редакциялъ районазде ун халкъгун дандчIван кьезе руго макъалаби. Гражданияб жамгIиятги ихтиярал цIунулеб пачалихъги хIакимзабаца гьабулеб жо гуро, гьеб бачIуна халкъалъухъа, гьеб гIуцIизе нилъеда кIвани ахир лъола ришватазеги, коррупциялъеги, халкъалда гьикъичIого тIамулеб тIалъиялъеги ва гIемерал цогидал гIунгутIабазеги. Нилъер цоцаздехун бухьен ва цIогьодулев чиновникасе кьолеб битIараб суал букIине буго гражданияб жамгIияталъул кьучIалъе лъураб тIоцебесеб гамачIлъун. Аллагьас тавпикъги ияхIги кьеги нилъер щивасе хIакъаб рагIи абизе ва унтараб нилъер ватIан лъилъизабизе.

Нижехъе суалал ритIе гьаб адресалда:

ул. Шоссе аэропорта, 19 А
з-й этаж
редакция
газеты «Миллат»,
ялъуни электронный адрес:
bisav@mail.ru

тел.: 8-905-476-56-65

Васалам.

бокьани божа, бокьичIони божуге



Маяковскияс жиндирго кечI хъвалеб къагIидаялъул «болъо» ургъараб мехалда, гьев поэтазда рихун вукIана. Щай гурелъул гьеб заманалда кочIохъ гонорар мухъ рикIкIун кьолаан. Гьединлъидал Маяковскиясе цогидаздаса кIиго-лъабго нухалъ цIикIкIун щолаан гонорар.

КГБялда хIалтIулеб мехалда Владимир Путинил тIокIцIар букIун буго «иц» (моль).

Кельтазда доб дунялалъул гIумру батIаго бичIчIулаан, гьениб гIумру букIунин абураб жоялда гIемер цIакъ божиялъ гьез цо-цахъа налъукье гIараццин босулеб букIун буго, доб дунялалда нахъе кьезе.



Абхазиялда буго чанго негразул росу. Гьел гьенире рачIун руго 17 гIасруялда. Амма мухIканго чан абилел соназда ва кин неграл гьенире рачIаралали лъалеб гьечIо. Гьез жалго абхазаллъун рикIкIуна ва абхазазул мацIалдаги кIалъала.

«Нижер талихIаб лъимерлъиялъухъ гьалмагъ Сталиние баркалайилан» абураб плакаталда Сталиница кодой ккун йигей Гели Маркизовалъул эбел-эмен репрессиязде ритIун рукIана.

1812 соналда, Наполеонгун рагъулеб мехалда нилъер офицерал цоцаца чIварал ва лъукъарал хIужжаби гIезегIан рукIана, хасго гьединал жал гIемер къаси-къаси кколаан. Гьелъие аслияб гIилла букIана офицерал ругъунабго къагIидаялъ жидедаго гьоркьор паранг мацIалъ кIалъалел рукIин.

Гьумер хIадур гьабуна ПатIимат МахIмудовалъ

МИЛЛАТ «МИЛАТАЛДА» КIАЛЪАЛЕБ БУГО

Дагъистаналъе футболалдаса нухал къачIай кIвар бугеб буго, цин нухал гьаре, хадуб гьабе футболалъул иш. **8938 … .. 49**

(ФутболчагIи самолетазда гурони рекIунел гьечIин абулеб буго хIакимзабаз, нилъее нух хIажат букIиналъул гьезда лъалеб жого гьечIоан)

МакьастIа хъештIолев цо поэт вихьана макьилъ, цIороберал гьороца рахъун ун, мимидилев вугоан пакъир… **8988 … .. 78**

(Гьаб макьу къотIизе битIулеб буго Дациевасухъе, вигьараб мехалда кашфу караматал рукIунин рагIана)

Редакторасул къокълъиялда ниж тIаса лъугьана, халатав президентасде гIунтIараб хитIаб бахъизе кIвеялъухъ. Баркала гIакъилаб кантIиялъул каламалъухъ. **8988 … .. 44**

(Президентасул халалъиялдаги тIаса лъугьани, алжаналъул рагьаби, рагьун алжан щвела дуй)

Улкаялда футболалъе гIарац цIикIкIун биччалаеб буго, ГъалбацIов, бохдул халатав чиги вугелъул щай гъорлъе лъугьунарев? Адаллоги бегьилаан, Хочбарил агьлуялъул чи вугелъул гъалмагъар хIазе бегьула **8938202 .. 49**

(Гьеб кинабго буго ГъалбацIовасул, бохдулги руго, футболги хIала, амма цIакъ гIарац рихарав чи вукIиналъ хIалев гьечIо, гIарац гьениб букIин балъго гьабизе кколаан.)

Сагъри кьодухъа ТIанусибе унеб буго газ, аскIоб цун Лъанлъари, ЧIиркъатIа росаби ругониги гьел росабалъе газ бачунеб гьечIо.

8928 … .. 96

(МухIамадсалам ТIанусиса вугин ккун бачунеб жо батила гьеб, Лъанлъариса вугин кагъат битIе, сихIирлъи букIде ккея)

ГI.Камаловас хъвараб жо бихьуларого цо мухбирас цIакъ риццатал цIороберал разе ккун руго, бегьилищ гьедин гIисинго хъвазе?

89882648578

(Гьеб бихьулел цIороберал рагIула печаталъул министрасул ва президентасул, цойги гьел ругев чи рагIичIо)

«Правда» газеталда известиял гьечIо, «Известиялда» правда гьечIоян, ритIухъаб махсара букIана советияб заманалда. Гьединго «ХIакъикъат» газеталдаги цояб хIакъикъияб, кIиабилеб хIакъикъияб гуреб хъвалеблъун бихьула. Бокьилаан «Миллат» хIакъикъат рагьулеблъун хутIизе, цоязе гьуинаб, цоязе кьогIаб.

8989… .. 60

(«Миллат» рихараб «ХIакъикъатги», «ХIакъикъат» бокьулареб «Миллатги» гьеб кIиябго бокьуларел авараги лъугьунгегиян дугIа гьабе, диналъул вац!»

Т. 8-905-476-56-65

Лъазаби

«Миллат» газета босизе бегьула щибаб магIарулазул райцентразда почтабазул отделениязда, МахIачхъалаялда «Октябрь» кинотеатралда цебе бугеб киоскалда, Буйнакскиясул къотIноб, вокзалалде щолеб бакIалда бугеб газетал ричулеб тукада, автостанциялда.

Ялъуни ахIе тел.:
8-905-476-56-65, 8-988-261-85-25.

ГIагараб заманалда тIибитIизабизе буго почтаялдаса ва Росспечаталъул киосказдаса.

«Миллат» газета цIализе бегьула интернеталдасан www. maarulal.ru.

«Миллат» газеталъе хIажат вуго лъикIго авар мацI лъалел ва компьютералда хIалтIун бажарулел **корреспондент** ва газета биччалев **редактор**. Харж кьезе буго контракталда рекъон. Т.: **8 905 476 56 65.**

нилъер росаби

Гьанир рукIун руго ракIал гIатIидал
КIалдиб мацI пасихIал сахал гIадамал.
Гулла алхунарел, хер регьаларел
Хвалчаби халатал чодул рекIарал.
Загьид ХIажиев

НекIсияб ЧIикIаб росу

МАГIАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА
Миллат

Учредитель:
Журналистский коллектив редакции

Главный редактор:
Магомед Бисавалиев

тел: 8-905-476-56-65

Редколлегия:
Зульфия Гаджиева
Газимагомед Галбацов
Патимат Гитинова
Закир Магомедов
Раисат Гитинова
Патимат Махмудова

Редакционный совет:
Шамиль Алиев
Рамазан Абдулатипов
Сулайман Уладиев

Адрес: ул. Шоссе аэропорта (Каммаева) 19а. тел: 69-60-03
E-mail: millat@gmail.com

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 5-0105 июль 2011 г.

Газета отпечатана в ООО «Лотос», ул. Пушкина, 6.
Заказ № _____ Тираж 3000 экз.